



REPUBLIQUE DU BURUNDI
Ministère des Ressources Minières, Énergétiques,
de l'Industrie, du Commerce et du Tourisme
"Pilier de l'Économie"



ITANGAZO KU BANDITSI N'ABANYESHAMAKURU KW'ITANGUZWA RY'IGIKORWA CO GUTUNGANYA INTERERANO (GESTION DU MÉCANISME DE SUBVENTIONS : GMS)

Bujumbura, ku wa 23 Mukakaro 2026



GMS ni Intererano ku Mashirahamwe y'Abadandaza bajabuka Imbibe n'Amakoperative y'abakorera mu gisata c'uburimi ahingura umwimbu, mu Mugambi w'ukworosha urudandandaza njabukambibe n'iyinjizwa mu karere k'ibiyaga binini(PFCIGL).

Icariho c'Umushikiranganji ajejwe Ubutare n'agataka, Amasoko ntanga nguvu , Amahinguriro n' Ingenzi, kw' igenekerezo rya 23 mukakaro 2026, yaratanguje icese igikorwa gitunganya intererano (GMS) ku Mashirahamwe y'Abadandaza bajabuka Imbibe n'Amakoperative y'abakorera mu gisata c'uburimi ahingura umwimbu, mu Mugambi w'ukworosha urudandandaza njabukambibe n'iyinjizwa mu karere k'ibiyaga binini (PFCIGL), umugambi ufashwe mu mugongo n' Ibanki y' Isi, bikaba vyabereye mu gisagara ca Bujumbura.

Ico gikorwa kikaba cari citabwe n'intumwa y' Ibanki yisi yose, abaserukira inzego zitandukanye zizofasha mw' irangugwa ry'uyo mugambi, abaserukira amashirahamwe y' abadandaza basanzwe bakorera ku mbibe, amashirahamwe y' abarimi n' aborozi, abaserukira amashirahamwe y' abigenga hamwe n' abanditsi n'abamenyeshamakuru.

Umugambi PFCIGL ujanye n'utwigoro two kunagura ubutunzi, gutenza imbere uburimiye no gukomeza ubutunzi ata muntu n' umwe akumiriwe, biciye mu guteza imbere igisata c' ubudandaji ku mbibe.

Uwo Mugambi urafasha mu gukuraho intambamyi zishobora kubangamira igisata c'ubudandaji, gushigikira abo bose basanzwe baba ku mbibe mu bijanye n' ubutunzi. Kimwe mu biraje ishingira uwo mugambi, ni uguteza imbere ubudandaji, uburimiye n' ubworozi , ari navyo bituma umwimbu wiyongera, guhanahana ibidandazwa mu karere k' Ibiyaga binini, bikoroha, n' ubuzi bukisunurura.

Mu mugwi w'abo uwo mugambi uzitaho gusumba, harimwo abapfasoni bari mu gisata c'ubudandaji, ugwaruka ruri mu gisata c'ubudandaji, amashirahamwe yo mu gisata c'ubutunzi, ari nabo basanzwe bafise uruhara runini mu kuzamura ubutunzi mu karere k' ibiyaga binini.

IGIKORWA GITUNGANYA INTERERANO GMS GIFISE INTUMBERO ZIKURIKIRA:

1. Kworohera ababakwije ibisabwa kuronka intererano.
2. Gukomeza no guha agaciro ibidandazwa n'ibindi bikorwa vy'ubutunzi ku rwego rw'igihugu no mu karere.
3. Guteza imbere ubudandaji bujabuka imbibe bukurikiza amategeko n'amabwirizwa ariho.
4. Gushigikira ubwigenge mu vy'ubutunzi ku bakenyezi n'urwaruka kugira baronke uburyo bubafasha kwiteza imbere.
5. Gutunganya intererano mu mucu, mu butungane no mu buryo bubereye bose

Ni naco gituma, igikowra GSM gifata mu mugongo abadandaza bakorera ku mbibe, n'amakoperative kugira bashobore gushora ibidandazwa vyabo bitagoranye n' uguteza imbere uburimiye n'ubworozi n'urudanzwa mu bisata bigera kuri bitandatu vyahiswemwo n'umugambi PFCIGL. Abarabwa n'uwo mugambi ni: Amakoperative; amashirahamwe y'abarimiye, amashirahamwe y'abakenyezi n'urwaruka, amashirahamwe y'abadandaza bujabuka imbibe, abikorera mu gisata c'uburimiye n'ubworozi (Agripreneurs); amashirahamwe afasha gutunganya no guhingura umwimbu; abandi bakwije ibisabwa n'umugambi, abo nibwo begwa n' uwo mugambi Uturere GMS izokoreramwo, natwo tukaba ari: **Gatumba, Gitaza, Rumonge, Rugombo na Vugizo,**

INTERERANO ZITANGWA KU MIGAMBI IJANYE N'IBI BISATA BIKURIKIRA BIHINGURA:

- 1) ifu y'ibigori;
- 2) ifu y'imyumbati;
- 3) itomati zahinguwe;
- 4) ibitunguru;

- 5) amavuta y'ibigai;
- 6) umutobe w'inanasi.

IBISABWA KUGIRA UWUSABA YEMERERWE KURONKA INTERERANO

Abahabwa intererano batorwa hakurikijwe uburyo bukorera mu muco kandi bubereye bose, inyuma y'isuzumwa ry'amadosiye y'abasavye. Bari mu mice ibiri:

A.UMUGWI W'AMASHIRAHAMWE Y'ABADANDAZA BAJABUKA IMBIBE

Ayo mashirahamwe akora ubudandaji bw'ibidandazwa biri mu migwi itandatu yatoranijwe n'umugambi.

Kugira ryemererwe kuronka intererano, ishirahamwe ritegerezwa: kuba rimaze n'imiburiburi imyaka ibiri rikora kandi ibikorwa vyaryo bikaba bigaragara;

- 1) kuba ryemewe n'inzego zibijwe canke ubuyobozi bw'aho rikorera;
- 2) kuba rifise urudandazwa rw'umwaka rutari munsu y'imiliyoni zitatu z'amarundi (3.000.000BIF) , ruvuye ku bikorwa vy'abanywanyi baryo;
- 3) gusaba intererano, hamwe no kwerekana ingene umugambi ujanye n'imigwi y'ibikorwa yatoranijwe;
- 4) kwerekana ko ibikorwa bitegekanijwe bitanga akaryo kangana ku bagabo n'abakenyezi kandi bitagira uwo bikumira.

B.UMUGWI W'AMAKOPERATIVE Y'ABAKORERA MU GISATA C'UBURIMYI AHINGURA UMWIMBU

Koperative canke ishirahamwe risaba intererano ritegerezwa:

- 1) kuba ari koperative, ishirahamwe ry'abigenga canke urwego rwo mu kibano rukora mu gutunganya umwimbu w'uburimyi;
- 2) kuba rwemewe n'inzego zibijwe, kuva n'imiburiburi ku myaka ibiri;
- 3) kuba rumaze n'imiburiburi imyaka ibiri rukora kandi ibikorwa vyarwo bikaba bigaragara (inama, uburyo bwo kwitunganya n'intererano z'abanywanyi);
- 4) kuba rifise urudandazwa rw'umwaka rutari munsu y'imiliyoni mirongo itatu z'amarundi (30.000.000BIF) , ruvuye ku bikorwa

- vy'abanywanyi bayo;
- 5) kuba rufise amafaranga yo gukoresha ibikorwa atari munsu y'amahera y'amarundi angina n'imiliyoni zitatu (3.000.000BIF);
 - 6) gusaba intererano biherekejwe n'umugambi w'ubudandaji ujanye n'imigwi y'ibikorwa vyatoranijwe;
 - 7) kwerekana ko hubahirizwa uburinganire hagati y'abagabo n'abakenyezi kandi rutagira uwo rukumira

ISHIGWA MU NGIRO RY' UYO MUGAMBI RYISUNGA INTAMBWE ZIKUIRIKIRA

- 1) guhamagaza abakeneye kuronsa intererano,
- 2) gutanga ama dosiye,
- 3) gusuzuma abakwije ibisabwa n'amategeko kugira baronswe intererano,
- 4) kurobanura abakwije ibisabwa n'amategeko,
- 5) gutora abakwije ibisabwa kugira baronswe intererano,
- 6) kumenyesha abatowe mu bandi ngo baronke intererano,
- 7) gutera igikumu ku masezerano yo kuronka intererano,
- 8) gufashwa ku bijanye n'ubuhinga, ubutunzi, ivyigwa n'ukuronka impanuro hamwe n'ukuraba akarusho icyo intererano yagiriye abayironse.

Ubushikiranganji bujewe Ubutare n'agataka, Amasoko ntanga nguvu, amahinguriro n'ingenzi n'Ibanki y'Isi, barashimira abanditsi n'abamenyeshamakuru ku mwete n'ubwira bakorana kugira bafashe mu gisata c'iterambere n'ubutunzi mu gihugu no mu karere k'ibiyaga binini.

Site web: gmspfcigl-bu.com
E-mail : info@gmspfcigl-bu.com
Téléphone de contact : +257 61541759

=====

Deloitte.



=====